



Lèt Pasterize Donè pou Tibebe w ki Lopital

Pasteurized Donor Milk for Your Hospitalized Baby (Haitian Creole)

Lè tibebe w ap pran plis lèt pase kantite w ap pwodui a, lèt pasterize donè kapab ajoute epi se yon opsyon ki san danje pou tibebe ki kalifye. Lèt donè imen pasterize soti nan paran ki an sante epi ki an laktasyon. Lèt sa a fasil pou dijere epi li gen anpil òmonn kwasans aktif, anzim ak faktè sistèm iminitè yo jwenn nan lèt pwòp paran an.

Avantaj yo

Tibebe ki prematire oswa ki ospitalize yo bay lèt imen pou alimante yo:

- Kapab jere alimantasyon pi bonè.
- Gen mwens risk pou gen entewokolit nekwozant (NEC), ki se yon enfeksyon nan entesten ki trè grav.
- Gen mwens enfeksyon.

Risk yo

Sèten maladi, tankou VIH, epatit B ak C, virus T-lenfotwopik imen (HTLV) ansanm ak lòt maladi toujou, kapab simaye akòz lèt donè a. Lèt donè a sibi tès pou detekte maladi sa yo, men tès yo gendwa pa efikas a 100%. Pa gen anpil risk pou sa rive.

Teste Donè yo ki bay Lèt Imen

Anvan pou yo ka bay lèt yo, paran k ap fè don sa a pase pa yon pwosesis depistaj pou kapab asire ke lèt y ap bay la pa gen danje pou tout tibebe. Nou pa peye donè yo pou yo bay lèt yo.

Donè yo dwe:

- Bay istwa medikal yo aloral.
- Ranpli yon ostwa sante alekri ak yon sondaj sou mòdvi.
- Pa ka fimen ni bwè alkòl.
- Pran sèlman medikaman ki apwouve pa Asosyasyon Bank Lèt Amerik di Nò (Human Milk Banking Association of North America, HMBANA) apwouve.
- Gen yon otorizasyon medikal konplè nan men doktè pitit yo ak founisè swen sante pitit yo pou yo kapab fè kado lèt yo.
- Fè tès VIH, epatit B ak C, epi virus imen T-lenfotowpik (HTLV).

Pwosesis pasterizasyon an

Lèt yo fè kado a dwe pase pa yon pwosesis chofaj pou tiye bakteri ak virus yo. Se sa yo rele pasterizasyon.

Pwosesis pasterizasyon an gen ladann:

- Chofe lèt imen pou tiye bakteri ak virus yo ki lakòz maladi.
- Melanje lèt anpil paran diferan ansanm pou fè yon lo.
- Teste (kiltive) lèt la pou asire w ke tout jèm danjere yo mouri. Menmsi gen pati nan lèt laki detwi pandan pasterizasyon an, li kontinye gen anpil nan avantaj lèt imen an.

Vin yon Donè

Paran yo ki gen lèt anplis gendwa vle fèkado pou ede lòt tibebe ki malad epi frajil. Si ou gen lèt anplis epi ou vle vin yon donè, kontakte Bank Lèt Manman Ohio Health (OhioHealth Mothers' Milk Bank) la:

Imèl: milkbank@ohiohealth.com

Telefòn: (614) 566-0630

Wèbsayt: <https://www.ohiohealth.com/services/womens-health/ohiohealth-mothers-milk-bank>